mbugal ñeel na tastën ya ca sawara, deeleen jotal njàppu mi

Jële nañu ci Abdullah Ibn Amr -yal na leen Yàlla dollee gërëm- mu wax ne: Ànd nanu ak Yonnente bi yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc jóge Màkka jëm Madiina ba nu eggee ci am ndox ci yoon wi am ñu gaawantu ca Tàkkusaan ga, daal di jàppu cig yàkkamti, ba nu egge fa ñoom gis seen tastën ya ndox mi laalu ko, Yonnente bi daal di wax ne: "mbugal ñeel na tastën ya ca sawara, deeleen jotal njàppu mi".

[Wér na] [Al-buxaariy ak Muslim dëppoo nañu ci génnee ko ci seen ñaari téere yi gën a wér]

Yonnente bi yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc dafa tukki jóge Màkka jëm Madiina ànd ak Sahaaba yi, ñu gis am ndox ci yoon wi, yenn Sahaaba yi gaawantu jàppu ngir julli Tàkkusaan ba tax seen wowaayu ginnaaw ndëggu yi di feeñ ñeel aji-xool ji, Yonnente bi yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc daal di wax ne: mbugal ak alkande ca sawara ñeel na ñiy gàtteñlu ci raxas seen ginnaaw ndëggu yi bu ñuy jàppu, mu digal leen ñuy jotal ak di matale njàppu mi.

http://sunnah.global/hadeeth/wo/show/66392